# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

एक्सिओम–फोर मिशन पर गइल भारतीय अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अउर उनकर तीनि गो अउरियो सहजोगी आजु धरती पर आ गइलें। ई सज्जो लोगि अमरीका में कैलिफोर्निया के लग्गे आजु सैन डिएगो के किनारे उतरलें।

लखनऊ क रहवइया ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के येह उपलब्धि पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पूरा देस के ओरि से उनकर स्वागत कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि ई उपलब्धि हमहन के स्वदेसी मानव अंतरिक्ष मिशन गगनयान के दिसा में एगो अउरियो महत्वपूर्ण मील क पाथर हउवे। केंद्रीय विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी मंत्री डॉ जितेंद्र सिंह येह मौका पर कहलें कि भारत आजु वास्तव में अंतरिक्ष के दुनिया में आपन एगो स्थाई जगहि बना लिहले हवे। ई भारत बदे बहुते गौरव क क्षण बाटे।

एक्सिओम फोर मिशन पचीस जून के अन्तर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेसन जाये खातिर रवाना भइल रहे। एगो रिपोर्ट–

***ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला अंतरिक्ष में जाने वाले दूसरे भारतीय बन यात्री गए हैं। उनकी यात्रा 1984 में अंतरिक्ष यात्रा करने वाले भारतीय यात्री राकेश शर्मा के 41 साल बाद हुई है। अन्तर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन में अपने प्रवास के दौरान, श्री शुक्ला ने अंतरिक्ष विज्ञान और प्रौद्योगिकी में भारत की बढ़ती क्षमताओं को प्रदर्शित करते हुए सात भारत–विशिष्ट माइक्रोग्रैविटी प्रयोग किए। ये प्रयोग भविष्य के ग्रह मिशनों और लंबी अवधि के अंतरिक्ष आवास संबंधित महत्वपूर्ण डेटा के लिए डिजाइन किए गए हैं। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक***

ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के सकुसल वापसी पर पूरा देस अउर खास तौर से प्रदेस क राजधानी लखनऊ में खुसी क माहौल बाटे। उनकर परिवारीजन उनके सकुसल अइले पर खुसी जतवले हवें।

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के बधाई दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि येह उपलब्धि से आजु हर भारतीय, खास तौर से उत्तर प्रदेस क लोगि गौरवान्वित हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में विश्व युवा कौशल दिवस पर आयोजित कौशल मेला क उद्घाटन कइलें। ई मेला प्रदेस के सज्जो पचहत्तर जिलन के कौशल विकास प्रशिक्षण केंद्रन में आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई से जुड़ल ट्रेनिंग लेवे वाले लोगिन बदे आयोजित कइल गइल।

मुख्यमंत्री कौशल मेला के मौका पर नोजवानन के यूथ आइकॉन अउर नया उद्यमियन के इंडस्ट्री एंबेसडर सम्मान से सम्मानित कइलें अउर स्किल रथ के हरियर झंडी देखवलें। येह दौरान कौशल प्रशिक्षण में स्मार्ट प्रौद्योगिकी के समावेस के बढ़ावा देवे बदे प्रदेस सरकार अउर प्रयागराज के मोतीलाल नेहरू राष्ट्रीय प्रोद्योगिकी संस्थान के बिच्चे समझौता ज्ञापन–एमओयू कइल गइल।

येह मौका पर मुख्यमंत्री वन ड्रिस्ट्रक्ट वन प्रोडक्ट नीति क खास तौर से जिकिरि करत कहलें कि येह नीति के जरिये प्रदेस में डेढ़ करोड़ से जियादे लोगिन के रोजिगार मिलल हउवे। उहां के नौजवानन के डिजिटली सक्षम बनावे बदे प्रदेस सरकार की ओरि से कइल जा रहल कोसिसो के बारे में चरचा कइलीं।

**********

आजु पूरा देस में कौशल भारत मिशन क दसवीं सालगिरह मनावल जा रहल हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बरिस दुइ हजार पनरह में येह योजना क सुरूआति कइले रहलें। केन्द्र सरकार पछिला दस सालि में नौजवानन में कौशल विकास के बढ़ावा देवे बदे कई गो महत्वपूर्ण कदम उठवले हवे। एगो रिपोर्ट–

***कौशल विकास मंत्रालय ने अपनी विभिन्न योजनाओं के माध्यम से, छह करोड़ से अधिक युवाओं को सशक्त बनाया है, ताकि उनके लिये रोजगार के, नये अवसर पैदा हो सकें। प्रधानमंत्री कौशल विकास योजना के तहत 2015 से अब तक, 38 क्षेत्रों में, एक करोड़ साठ लाख से अधिक युवाओं को प्रशिक्षण दिया गया। इनमें से 45 प्रतिशत महिलाएं हैं और युवाओं का एक बड़ा हिस्सा अनुसूचित जाती, अनुसूचित जनजाती और अन्य पिछड़ा वर्ग से आता है। इन योजनाओं के तहत युवाओं को, निर्माण, पारंपरिक शिल्प, स्वास्थ्य सेवा, सूचना प्रौद्योगिकी और इलेक्ट्रॉनिक्स जैसे क्षेत्रों में प्रशिक्षण दिया जा रहा है। दीपेन्द्र कुमार, आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

**********

लोकसभा में नेता प्रतिपक्ष अउर कांग्रेस सांसद राहुल गांधी के आजु लखनऊ क एमपी–एमएलए कोर्ट बीस–बीस हजार रूपिया के दुइ गो बॉन्ड पर जमानति दे दिहलस। भारत जोड़ो यात्रा के समय भारतीय सेना पर कइल गइल कथित टिप्पणी के मामिला में ऊ आजु न्यायालय में पेस भइल रहलें। बिसेस न्यायाधीस आलोक वर्मा क कोर्ट उन्हें येह मामिला में जमानति दे दिहलस।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में बिहने से ले के अट्ठारह जुलाई ले कहीं–कहीं भारी बरखा भइले अउर बिजुली गिरले क चेतावनी जारी कइले हवे। प्रदेस के कई गो जिलन में अजुओ रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बाटे। कुछु जिलन में भिन्नहियें से बादर लागल रहे अउर बीच–बीच में घामों निकरत रहे।

**********